

# Tès despitaj Child Outreach

se yon sèvis **GRATIS** distri lekòl lokal ou a ofri pou tout **timoun soti nan 3 rive nan 5 lane**.

Kòman mwen ka planifye yon tès depistaj pou timoun mwen an?

Yo ofri tès depistaj yo plizyè kote. Pou pran randevou w la anliy, eskane kòd QR ki anba a oswa ale sou:

[childoutreachprov.TimTap.com](http://childoutreachprov.TimTap.com)



SCAN ME



## Biwo Child Outreach

Providence Public School Department  
797 Westminster Street  
Providence, RI 02903

(401) 456-9100 x13231

[childoutreachscreening@ppsd.org](mailto:childoutreachscreening@ppsd.org)

[childoutreachprov.TimTap.com](http://childoutreachprov.TimTap.com)



Tès despitaj Child Outreach


## Enfòmasyon sou devlopman timoun ou a kolekte de fason:

1. Ptit ou a ap patisipe pou apeprè 45 minit nan aktivite jwèt yon pèsonèl ki resevwa fòmasyon nan sistèm lekòl piblik la ap dirije. W ap toujou kapab akonpanye ptit ou a pandan l ap patisipe nan aktivite tès depistaj yo.
2. Ou pral ranpli yon kesyonè tou kout sou istwa sante ptit ou a ak devlopman li jan yo ka wè sa a nan aktivite chak jou l ap fè lakay la.

## Kisa tès depistaj gen ladan li?

Child Outreach bay yon evalyasyon kout nan senk domèn devlopman:

- Vizyon
- Tande
- Ladrès lapawòl ak langaj
- Devlopman sosyal/emosyonèl
- Devlopman jeneral, tankou ladrès deplasman ki enplike tout kò a ak mouvman ki enplike pati men an, memwa, elatriye.



## Kisa k ap pase rezulta tès depistaj yo?

Apre yo fin revize rezulta ptit ou a, yon edikatè ap detèmine si sa a nesesè pou gen yon lòt swivi, ki gen ladan referans ak ekip evalyasyon nou an. Avèk pèmisyon w, yo ka pataje rezulta tès depistaj yo ak pedyat ptit ou a ansanm ak pwogram swen ak edikasyon tibebe a.

## Rezulta pozitif

Child Outreach ka ede idantifye timoun ki ka bezwen plis evalyasyon, entèvansyon ak/oswa sèvis lè yo tou piti pou ankouraje jwenn rezulta pozitif nan matènèl ak lòt klas yo.

## Kisa k ap pase apre tès depistaj la?

Y ap revize rezulta tès depistaj yo epi y ap voye yon rezime ba w nan kèk semèn. Rezime a ap gen ladan domèn devlopman ki endike rezulta ki apwopriye selon laj yo ansanm ak rezulta ki ka bezwen yon lòt tès depistaj oswa yon swivi.

Child Outreach vle asire **TOUT** timoun yo byen kòmanse anvan yo antre nan matènèl.

## Kisa k ap pase si ptit mwen an pale epi konprann yon lòt lang ki pa Anglè?

Si ptit ou a pale yon lòt lang ki pa Anglè, Child Outreach fè tout jefò posib pou li tcheke ptit ou a epi pou pale avèk ou nan lang matènèl ou.

## Kilè ptit mwen an ka patisipe nan tès depistaj?

Menm jan timoun yo gen bon jan vizit pou timoun ak pedyat yo, timoun yo ta dwe patisipe nan depistaj Child Outreach la chak ane lè yo gen 3, 4 ak 5 lane. Paske timoun yo aprann rapidman pandan premye ane sa yo, chak tès bay fanmi an yon mizajou sou devlopman ptit yo a.



**Souvan, fanmi yo gen kesyon sou kwasans ak devlopman ptit yo. Child Outreach kapab ede w konprann kijan ptit ou a ap fè pwogrè epi aprann fason pou kontinye sipòte devlopman li.**

Poukisa mwen dwe patisipe?